



Gid **Aksyon** Sou Zika

Pou Minis Sante yo



Aktivite Kominote yo

- Ede moun gen aksè ak sèvis planin familyal yo.
- Bay kontrasepsyon epi gid pou planin familyal.
- Mete kapòt pou gason ak fi disponib.
- Fè diskisyon sou planin familyal ak prevansyon pwopagasyon Zika atravè sèks.

WÒL MINIS SANTE YO NAN BATAY KONT ZIKA

Wòl minis sante yo nan batay kont Zika chanje depann sou ki faz nou ye nan pwopagasyon a. Minis Sante yo souvan gen konpreyansyon ki enpòtan nan kilti lokal la epi yo genyen konfyans manm kominote yo. Aktivite k ap swiv yo ap ede ou ranpli wòl lidè kominote a avèk plis efikasite.

Minis Sante yo se Resous Kominote a

Kòm yon minis sante, ou kenbe yon plas ki inikman gen anpil pouvwa nan kominote ou. Minis Sante yo souvan gen konpreyansyon ki enpòtan nan kilti lokal la epi yo genyen konfyans manm kominote yo. Ou ka menm sèvi kòm premye pwen kontak sou enkyetid sante pou manm kominote yo. Kòm yon lidè yo fè konfyans nan kominote a, ou ka yon patnè ak pouvwa nan anpèchman pwopagasyon maladi viris Zika a (Zika).

Ou ka ede motive kominote lokal ou pou konbat Zika. Anpil moun ki enfekte avèk viris Zika a pa gen sentòm yo. Si yo vin malad, anjeneral maladi a pa twò grav avèk sentòm yo ki dire pou apeprè yon semèn. Sepandan, enfeksyon Zika pandan gwosès ka lakòz mikwosefali ak lòt domaj grav nan sèvo fetis la. Prevansyon kont marengwen ki mòde ede anpeche pwopagasyon maladi a nan fanm ki ansent. Minis Sante yo ka montre enpòtans pwoteksyon pou anpeche marengwen mòde, epi ka ankouraje moun rete vijilan nan batay kont Zika.

Depatman Sante Etazini ak Sèvis Imen rekòmande kominote ou pou patisipe nan anpèchman pwopagasyon Zika nan redwi kantite marengwen nan zòn ou. Ou ka ede moun konnen ki sa pou yo fè lè yon moun nan zòn ou gen Zika, oswa si gen ka sou pwopagasyon lokal. Kominote ki travay ansanm pou asire ke fanm ansent resevwa swen yo bezwen pral ede nan prevansyon pwopagasyon Zika.

Nenpòt Ki Lè Kominote Ou Ka Gen Enkyetid Sou Zika

MESAJ YO

- Pataje mizajou yo, enfòmasyon ki valab avèk kominote w. Vizite www.cdc.gov/zika pou dènye enfòmasyon sou Zika.
- Konseye fanm ansent pou pran swen anvan akouchman.
- Pale ak fanmi jenn epi koup ansent yo nan kominote ou pou asire w ke yo konnen risk viris Zika yo, epi kòman pou yo konekte ak yon doktè oswa yon pwofesyonèl swen sante si yo gen enkyetid ke yo ta ka enfekte ak Zika.
- Pale ak koup yo nan zòn ou ki kapab konsidere vin ansent epi ede yo konekte ak yon doktè oswa yon pwofesyonèl swen sante.
- Ankouraje fanm ansent epi patnè gason oswa fi yo pou itilize kapòt oswa baraj dantè chak fwa yo fè sèks nan vajen, dèyè, oswa nan bouch oswa pa fè sèks pandan gwosès la.
- Ankouraje moun ki malad pou itilize pwodwi pou pouse marengwen pou yon semèn apre maladi a rezoud.



The Partnership Center
Center for Faith-based and Neighborhood Partnerships

Anvan Sezon Marengwen a

MESAJ YO

- Fè yon sesyon edikasyon sou zika, eksplike kòman pou rekonèt plas kote marengwen yo kapab ap viv ak ponn ze yo. Itilize yon langaj ke kominote a konprann.
- Distribye afich, fèy enfòmasyon, ak lòt materyèl nan langaj senp nan rasanbleman epi atravè medya sosyal. Itilize sa ou konnen ki travay pou kongregasyon ak kominote ou yo.
- Pataje materyèl edikasyon sou kontwòl marengwen ak mezi pou pran pou pwoteksyon pèsònèl yo.

AKTIVITE YO

- Fòmè moun k ap travay kòm volontè yo pou pran mezi pou pwoteje tèt yo pou marengwen pa mòde yo.
- Antrene moun k ap travay kòm volontè yo pou rekonèt ak elimine kote marengwen abite.
- Etabli yon kalandriye yon aktivite pwomnad nan kominote chak mwa pou jwenn ak debarase sous dlo ki dòmi kote marengwen ta ka ponn ze yo. Asire w ke moun k ap patisipe yo pwoteje tèt yo pou marengwen pa mòde yo.
- Kontakte lidè nan inite Kòporasyon Rezèv Medikal la pou diskite wòl potansyèl yo pou moun k ap travay kòm volontè pou prepare pou oswa reponn a yon epidemi nan kominote a. Jwenn yon inite Kòporasyon Rezèv Medikal nan sit wèb sa a: <http://www.medicalreservecorps.gov/FindMRC>
- Idantifye epi sipòte enstalasyon griyaj sou fenèt ak pòt nan sant kominotè yo ak rezidans ki sèvi fanm nan laj pou fè timoun.

Kilè Sezon Marengwen yo*



*Nan sèten eta nan sid la, marengwen yo aktif pandan tout ane a. Nan pati plis nò nan Etazini, sezon yo pi ta, tipikman nan fen sezon prentan epi ki fini nan otòn ak premye fredyè.

MESAJ YO

- Kontinye ogmante konsyans nan kominote a sou estrateji pou kontwòl marengwen nan fè reyinyon epi pataje materyèl edikatif. Fè moun sonje ke yo ka diminye kantite plas kote marengwen adiit yo ka repoze nan kenbe vejetasyon avèk gazon a byen koupe.
- Fè manm nan kominote yo sonje pou yo pran mezi pou anpeche marengwen mòde pou twa semèn apre lè yo finn retounen nan vwayaj yo te fè nan zòn kote ki gen Zika, menm si yo pa santi yo malad. Moun ka enfekte menm si yo pa gen sentòm; marengwen yo ka pran viris la lè li mòde yo, epi pwopaje viris la bay lòt moun. Se pou yo mete chemiz manch long ak pantalon pye long epi itilize pwodwi pou pouse marengwen jan etikèt la mande la, epi se pou mete èkondisyone lakay yo oswa griyaj, si posib.

AKTIVITE YO

- Etabli yon relasyon avèk sant sante kominotè a. Vizite findahealthcenter.hrsa.gov pou jwenn youn.
- Fè plis kanpay sou rediksyon popilasyon marengwen nan tout kominote a. Yon fwa pa semèn, vide epi foubi, vire tèt anba, oswa jete bagay ki kenbe dlo.
- Itilize lavisid (pwodwi chimi ki touye lav) pou trete dlo ki paka kouvri oswa fè koule epi ki paka itiize pou bwè.



Aprè Premye Ka Pwopagasyon Lokal la

MESAJ YO

- Pataje mizajou yo, enfòmasyon ki valab avèk kominote w. Vizite www.cdc.gov/zika pou dènye enfòmasyon sou Zika. Itilize Mikwositi CDC Zika a (<https://tools.cdc.gov/medialibrary/index.aspx#/microsite/id/234558>) pou mete enfòmasyon Zika sou sit wèb òganizasyon ou. Yon premye ka kapab ogmante enkyetid kominote yo, epi moun nan kominote a kapab vle plis enfòmasyon konnye a.
- Ankouraje moun ki malad pou rete lakay yo ak pran mezi yo pou pwoteje tèt yo pou marengwen pa mòde yo pandan premye semèn maladi a.

AKTIVITE YO

- Kreye yon ekip ki ale pòt a pòt pou ede kontwole marengwen bò lakay la.
- Fè diskisyon ouvè sou pwopagasyon Zika nan fè sèks.
- Bay opòtinite pou paran potansyèl yo pale ansanm epi ak pwofesyonèl swen sante sou kòman pou rete san danje.



Pandan Pwopagasayon Aktif Zika nan Kominote Ou


MESAJ YO

- Ankouraje moun ki malad ak Zika pou pran etap pou anpeche marengwen mòde pandan premye semèn maladi a, pandan yo malad, epi yon semèn lè l santi yo pi byen. Paske sentòm ka pa twò grav, fè manm nan kominote a sonje ke yo pa p rete lakay yo sèlman pou byen tèt yo men poutèt sekirite kominote yo a tou.
- Reyini avèk patwon yo epi travay pou kreye on kilti ak sante and byenèt nan kominote a konsa moun yo ka ankouraje rete lakay yo lè yo malad, men si li pa twò grav.
- Ankouraje manm nan kominote a mete chemiz ki lejè, ki gen koule lejè ak manch long ak pantalon pye long, epi bay egzanp kòm lidè - menmsi fè cho.

AKTIVITE YO

- Kontinye òganize aktivite yo pou kontwole marengwen nan tout kominote a. Vide, kouvri oswa voye jete bagay ki kenbe dlo. Fè sa omwen yon fwa pa semèn ap pi bon.
- Ogmante kantite aktivite rekreyasyonèl ki anndan pou ede diminye kantite tan moun ekspozè a marengwen yo.
- Fè evènman pou manm kominote yo pou trete rad ak materyèl avèk pèmetrin oswa achete bagay ki deja trete ak pèmetrin.

PWOTEJE FANMI W AK KOMINOTE W: KOMAN ZIKA PWOPAJE





CDC rekòmande prekosyon espesyal pou fanm ansent. Fanm ansent yo sipoze evite vwayaje nan zòn ki gen Zika. Si yon moun nan kongregasyon ou oswa kominote ou oblije vwayaje nan youn nan zòn sa yo, tanpri konsèy yo pou yo pale ak doktè yo oswa yon pwofesyonèl swen sante avan, epi swiv etap yo san manke pou evite marengwen mòde ou pandan vwayaj la.

Tout vwayajè ta dwe pran mezi pou pa kite moustik mòde yo pandan twa semèn apre yo retounen soti nan vwayaj yo pou evite enfekte marengwen lokal yo, ki ka enfekte lòt moun.

Ankouraje gason ak fi ki te vwayaje nan zòn ki gen Zika pou itilize kapòt kòrèkteman chaj fwa yo fè sèks nan vajen, dèyè, epi nan bouch oswa pou yo pa fè sèks pandan gwosès la. Sa kapab ede nan prevansyon pwopagasyon Zika nan fè sèks.

Resous yo

VIRIS ZIKA

- Sentòm, dyagnostik, ak tretman pou Zika: <http://www.cdc.gov/zika/symptoms/index.htm>
- Enfòmasyon vwayaj sou Zika: <http://wwwnc.cdc.gov/travel/page/zika-travel-information>
- Sa nou konnen konsènan ak sa nou pa konnen sou Zika ak gwosès: <http://www.cdc.gov/zika/healtheffects/index.html>
- Rekòmandasyon CDC pou koup yo k ap konsidere ansent: <http://www.cdc.gov/zika/pregnancy/thinking-about-pregnancy.html>
- Pwopagasyon viris Zika atravè sèks: <http://www.cdc.gov/zika/transmission/sexual-transmission.html>

PREVANSYON

- Konsèy debaz pou Prevansyon: <http://www.cdc.gov/zika/prevention/>
- Konsèy pou kontwòl marengwen lakay: <http://www.cdc.gov/zika/prevention/controlling-mosquitoes-at-home.html>
- Kenbe tank septik san marengwen: <http://www.cdc.gov/zika/pdfs/septic-tank-factsheet-english-nceid.pdf>
- Preparasyon yon twous pou prevansyon Zika: <http://www.cdc.gov/zika/prevention/prevention-kit.html>
- Konsèy pou fanm ansent pou pwoteje tèt yo: <http://www.cdc.gov/zika/pregnancy/protect-yourself.html>
- Koman pou fè prevansyon pwopagasyon Zika nan fè sèks: <http://www.cdc.gov/zika/transmission/sexual-transmission.html>

RESOUS KOMINIKASYON YO

- Enprime Resous yo: <http://www.cdc.gov/zika/fs-posters/index.html>
- Enfòmasyon grafik: <http://www.cdc.gov/zika/comm-resources/infographics.html>
- Resous sou videyo Zika yo: <http://www.cdc.gov/zika/comm-resources/video.html>

SENTÒM, DYAGNOSTIK, AK TRETMAN POU ZIKA

SENTÒM YO

- Anpil moun ki enfekte ak viris Zika a p ap menm konnen yo genyen li paske yo p ap gen sentòm yo. Pou moun ki malad yo, maladi a anjeneral pa twò grav ap sentòm ki rete pou plizyè jou jiska yon semèn lè yon marengwen ki enfekte mòde.
- Sentòm ki pi komen yo se lafyè, gratèl, doulè nan jwen, oswa konjonktivit (je wouj). Lòt sentòm ki pi komen yo gen ladan doulè nan misk ak tèt fè mal. Pa gen konnesans sou enfòmasyon nan moman ki soti nan ekspozisyon Zika jiska sentòm yo, men li kapab plizyè jou jiska yon semèn.
- Fanm ki ansent epi ki gen lafyè, gratèl, doulè nan jwen, oswa je wouj pandan 2 semèn lè yo te finn vwayaje nan yon zòn ki gen Zika sipoze wè yon doktè oswa lòt pwofesyonèl swen sante epi di doktè oswa pwofesyonèl swen sante a sou vwayaj resan an.
- Moun anjeneral pa malad ase pou y al lopital, epi yo raman mouri nan Zika.

DYAGNOSTIK

- Sentòm Zika kapab parèy ak lòt maladi.
- Ankouraje manm Kominote yo pou vizite yon pwofesyonèl swen sante si yo gen sentòm ki dekri anwo la a epi ki te vizite yon zòn ki gen Zika. Yo sipoze di pwofesyonèl swen sante yo ki kote yo te vwayaje.
- Pwofesyonèl swen sante yo ka kòmande tès san oswa pipi pou chèche Zika oswa lòt viris ki parèy tankou Dengue oswa chikungunya.

TRETMAN

- Pa gen okenn vaksen pou evite Zika epi pa gen okenn medikaman pou trete li.
- Tretman Sentòm yo:
 - Repoze anpil.
 - Bwè likid pou pa dezidrate.
 - Pran medikaman tankou Asetaminofèn (Tylenol®) pou soulaje fyè oswa doulè a.
- Pa pran aspirin, Ibipwofèn (tankou Advil oswa Motrin), oswa medikaman kont anflamasyon ki pa gen estewoyid (NSAIDs) jiskaske ou konfime ou pa gen dengue.
- Si w ap pran medikaman pou lòt kondisyon medikal, pale ak doktè ou oswa lòt pwofesyonèl pou swen sante anvan ou pran lòt medikaman.

